



Mayor's Office of Operations

PLAN
**PATISIPASYON
SITWAYEN**

Eric Adams
Majistra Vil New York

Daniel Steinberg
Direktè, Biwo Operasyon Majistra a

Kontni

ENTWODIKSYON	2
PWOSESIS AK DEVLOPMAN PLAN KONSOLIDE	3
KONSILTASYON AK LÒT AJANS PIBLIK AK PRIVE	4
AVI PIBLIK	4
PLAN (YO) PWOPOZE YO AK KOMANTÈ PIBLIK	4
ODYANS PIBLIK YO	5
AKSÈ A LANG/SÈVIS TRADIKSyon	5
EKSEPSYON NAN KONDISYON YO POU AVI/ODYANS PIBLIK	5
GWO AMANDMAN NAN PLAN KONSOLIDE/PLAN AKSYON ANYÈL AK PLAN PATISIPASYON SITWAYEN AN	5
AKSÈ A DOSYE YO	6
DEPLASMAN	6
PLENT	6
ASISTANS TEKNIK	6

ENTWODIKSYON

Plan Patisipasyon Sitwayen an (Citizen Participation Plan, CPP) se kad Vil Nouyòk pou ankouraje yon dyalòg nan tout kominote a pou idantifye priyорite nan domèn lojman ak devlopman kominotè epi gide itilizasyon finansman yo resevwa nan men pwogram sibvansyon fòmil Planifikasyon ak Devlopman Kominotè (Community Planning and Development, CPD) ki administre pa Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (United States Department of Housing and Urban Development, HUD). Sibvansyon CPD yo gen ladan yo: [Pwogram Sibvansyon Global Pou Devlopman Kominotè \(Community Development Block Grant, CDBG\)](#), [Pwogram Patenarya Envestisman HOME \(HOME\)](#), [Program Sibvansyon pou Solisyon Ijans \(Emergency Solutions Grants, ESG\)](#), ak [Pwogram Opòtinite Lojman pou Moun Ki Gen Sida \(Housing Opportunities for Persons With AIDS, HOPWA\) Program](#).

**Plan Patisipasyon Sitwayen
an se yon mwayen pou tout
sitwayen yo fè yo tandé
vwa yo epi enflyanse
desizyon ki afekte
kominote yo, katye yo ak
kalite lavi yo.**

Priyорite lojman ak devlopman kominotè yo idantifye atravè patisipasyon sitwayen yo enkòpore nan Plan Konsolide Vil la (Plan). Plan an sèvi kòm dokiman planifikasyon ak aplikasyon pou pwogram sibvansyon fòmil CPD yo. Plan an konsiste de yon Plan Senkan, ki gen ladan yon analiz Mache Lojman, Evelyasyon Bezwén yo, Plan Estratejik Senkan; ak yon Plan Aksyon Anyèl, ki pibliye chak ane nan Plan Senkan an epi ki dekri kijan resous anyèl lokal ak federal yo pral itilize pandan ane k ap vini an (ansanm "Rapò yo"). Rapò yo devlope ak pwosesis kolaborasyon ki detaye nan CPP a, ki abouti a yon vizyon estratejik pataje sou fason yo asiyen resous yo pou satisfè bezwen kominote a.

Rapò Anyèl Pèfòmans ak Evelyasyon Plan Konsolide a (Consolidated Plan Annual Performance and Evaluation Report, CAPER) dekri pwogrè Vil la nan itilizasyon fon dwa federal li yo pou adrese objektif ki tabli nan Plan an ak Plan Aksyon Anyèl yo. Jan nou diskite pi ba a, Plan Patisipasyon Sitwayen an ankouraje patisipasyon sitwayen yo nan aktivite sa yo:

- Devlopman Plan Konsolide a;
- Devlopman Plan Aksyon Anyèl la;
- Konsiderasyon amandman sibstansyèl nan yon Plan Konsolide, Plan Aksyon Anyèl oswa Plan Patisipasyon Sitwayen;
- Revizyon anyèl CAPER a.

Vil la ankouraje patisipasyon sitwayen toupatou, ak yon anfaz espesyal sou efò pou ankouraje patisipasyon nan popilasyon sa yo:

- Moun ki gen revni fèb ak modere;
- Moun ki abite nan zòn ki pa byen desèvi e ki gen yon majorite moun ki gen revni fèb ak modere, kote 51% rezidan yo ap viv nan oswa pi ba pase nivo 80% Revni Medyàn Zòn lan;
- Moun ki rete nan zòn kote yo pwopoze pou itilize fon CDBG, HOME, ESG, ak HOPWA yo;
- Fwaye ki pa pale angle yo;
- Moun ki gen andikap; epi
- Moun ki abite lojman piblik yo ak lòt rezidan ki gen revni fèb nan zòn revitalizasyon ki vize yo.

PWOSESIS AK DEVLOPMAN PLAN KONSOLIDE

Men kijan Pwosesis pou devlopman Plan Konsolide ak Plan Aksyon Anyèl la ye:

- Konsiltasyon ak lòt ajans publik ak prive;
- Premye odyans publik sou bezwen lojman ak devlopman kominote a;
- Avi sou peryòd kòmantè sou pwojè Plan, publikasyon pwojè Plan, ak odyans publik;
- Konsiderasyon kòmantè ak soumisyon Plan an.

Vil la pral kenbe yon delè sou sitwèb la avèk Aktivite Devlopman Plan Konsolide yo.

Patisipasyon Sitwayen

Aktivite	Endis Referans Plan Konsolide a	Regilasyon
Avi Odyans Publik sou bezwen lojman ak devlopman kominote a	Emisyon Avi	91.105(e)(2)
Odyans Publik sou bezwen lojman ak devlopman kominotè	Odyans Publik	91.105(b)(3), (e)(1)
Avi Peryòd Kòmantè sou pwojè Plan- omwen 2 semèn anvan kòmansman peryòd kòmantè a	Emisyon Avi	91.105(e)(2)
Kopi Plan ki disponib sou Entènèt, nan biwo gouvènman yo, elatriye pou peryòd kòmantè 30 jou	Piblikasyon Pwojè Plan	91.105(b)(2) ak (g)
Fen peryòd kòmantè 30 jou sou pwojè Plan an	Yo revize kòmantè yo resevwa yo, konsidere pa benefisyè yo, epi enkòpore yo nan Plan Final la	91.105(b)(4)
Dat limit pou soumèt-Plan - minimòm 45 jou anvan kòmansman PY	Plan/Plan Aksyon soumèt bay HUD	91.15(a)(1)
Ane Pwogram lan kòmanse	HUD apwouve Plan an	91.500(a)
Si HUD reje Plan an, benefisyè a dwe soumèt yon Plan revize nan lespas 45 jou apre avi dezapwobasyon an.	Plan ki revize a dwe soumèt si inisyal Plan ki te soumèt la pa t apwouve	91.500(d)
Kòmanse pèfòmans ak evalyasyon reyalizasyon pèfòmans pou PY anvan an	Jwenn done sou reyalizasyon pwogram yo	91.520
Avi sou peryòd kòmantè sou evalyasyon pèfòmans pr'oswa PY a	Emisyon Avi	91.105(e)(2)
Peryòd kòmantè publik sou rapò pèfòmans yo kòmanse pou yon minimòm de 15 jou	Emisyon pwojè plan CAPER a	91.105(e)(1)
Dat limit pou soumèt pou CAPER final la	CAPER soumèt bay HUD	91.520(a)

KONSILTASYON AK LÒT AJANS PUBLIK AK PRIVE

Pou ankouraje patisipasyon rezidan ki gen revni fèb ak modere yo, Vil la pral konsilte ak otorite lojman publik yo, gwoop katye yo, ak lòt òganizasyon ki reprezante zòn ak rezidan ki gen revni fèb ak modere yo nan Vil la.

Anplis de sa Vil la konsilte ak òganizasyon (ki gen ladan biznis, devlopè, òganizasyon san bi likratif, òganizasyon filantwopik, ak òganizasyon kominotè/ki baze sou lafwa) nan pwosesis pou devlope ak aplike Rapò yo.

Epitou, Vil la konsilte ak founisè sèvis entènèt ki gen gwo kapasite transmisyon, òganizasyon ki angaje nan redui divizyon dijital la, ajans ki jere zòn ki gen tandans inonde, tè publik oswa resous dlo, ak ajans jesyon ijans.

Vil la asire ke tout pati ki anwo yo jwenn opòtinite adekwa pou revize ak fè kòmantè sou plan, pwogram, aktivite, ak pwojè plan rapò yo. Sa gen ladan I bay akomodasyon rezonab pou moun ki gen konpetans limite nan angle ak moun ki gen andikap.

AVI PUBLIK

Vil Nouyòk pral bay yon avi rezonab pou peryòd kòmantè publik ak/oswa odyans publik ki gen rapò ak Amannman, Rapò ak CAPER. Avi yo pral enprime nan omwen yon jounal ki sikile nan tout vil la epi yo pral afiche tou sou sitwèb Biwo Operasyon Majistra a. Avi ki afiche sou sitwèb la ap disponib nan plizyè lang apa anglè, ki gen ladan men pa limite a panyòl ak mandaren. Avi odyans publik yo pral publiye omwen 15 jou anvan odyans lan.

Anplis de sa, avi pou tout Amannman, Rapò ak CAPER yo pral distribye elektwonikman bay manm Lis Kontak Plan Konsolide a. Lis Kontak la gen ladan sitwayen ki enterese, ofisyèl publik, bibliyotèk publik, òganizasyon lojman abòdab, òganizasyon lojman sipò, òganizasyon defans VIH/SIDA, ansanm ak gwoop devlopman kominotè.

Moun oswa òganizasyon ki vle mete yo sou Lis Kontak Plan Konsolide a ka kontakte Manadjè Pwogram Plan Konsolide Vil Nouyòk la, Mayor's Office of Operations, 253 Broadway, 10th Floor, New York, New York, 10007, atravè sitwèb la oswa pa imèl ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov.

PLAN (YO) PWOPOZE YO AK KOMANTÈ PUBLIK

Anvan yo soumèt Plan Konsolide, Plan Aksyon Anyèl oswa CAPER bay HUD, Vil la pral fè yon pwojè plan disponib publikman sou sit entènèt Biwo Operasyon Majistra a.

Vil la pral afiche pwojè plan yo pou pa mwens pase 30 jou pou Plan Konsolide, Plan Aksyon Anyèl ak nenpòt amandman sibstansyèl, e pa mwens pase 15 jou pou CAPER a, pou tout rezidan ki enterese yo gen ase opòtinite pou yo revize yo epi fè kòmantè. Pati ki enterese yo ka soumèt kòmantè elektwonikman atravè sitwèb la, pa imel oswa pa lapòs. Yo ka voye kòmantè yo pa lapòs nan adrès sa a:

Mayor's Office of Operations
c/o Lisa Rambaran
253 Broadway – 10th Floor
New York, NY 10007

Vil la pral konsidere nenpòt kòmantè oswa opinyon moun ki abite nan kominote a resevwa alekri oswa vèbalman nan odyans publik yo ak pandan peryòd kòmantè a. Yon rezime kòmantè oswa opinyon yo resevwa ak repons a kòmantè yo pral tache ak rapò final la.

ODYANS PIBLIK YO

Odyans piblik yo pral fèt pandan etap kle pwosesis planifikasyon konsolide a pou jwenn opinyon piblik konsènan bezwen kominate a, pwopozisyon itilizasyon fon yo, estrateji yo pwopoze ak aksyon pou Plan Konsolide ak Plan Aksyon Anyèl la.

Vil la pral fè yon minimòm de odyans piblik ki fèt nan diferan etap planifikasyon nan ane pwogram lan anvan yo soumèt Plan Konsolide ak/oswa Plan Aksyon Anyèl la. Omwen youn nan odyans sa yo pral fèt pandan fòmilasyon Plan Konsolide ak Plan Aksyon Anyèl la, anvan yo pibliye plan yo pwopoze a pou piblik la ka fè kòmantè.

AKSÈ A LANG/SÈVIS TRADIKSYON

Avèk avi alavans, Biwo Operasyon Majistra a pral bay sèvis tradiksyon nan odyans piblik yo pou akomode bezwen rezidan ki pa gen anpil konesans nan lang angle yo.

EKSEPSYON NAN KONDISYON YO POU AVI/ODYANS PIBLIK

Egjijans pou fè yon peryòd kòmantè piblik ak/oswa odyans piblik, ak dire peryòd kòmantè sa a, ka modifye oswa vin pi kout si HUD otorize modifikasiyon sa yo espesyalman.

GWO AMANDMAN NAN PLAN KONSOLIDE/PLAN AKSYON ANYÈL AK PLAN PATISIPASYON SITWAYEN AN

Plan Konsolide ak/oswa Plan Aksyon anyèl la ka revize pandan ane pwogram lan. Chanjman minè pa pral mande pou avi piblik oswa patisipasyon sitwayen yo anvan aplikasyon chanjman sa yo. Sepandan, amandman sibstansyèl yo pral sijè a avi piblik ak kòmantè.

Yo konsidere chanjman sa kòm “amandman sibstansyèl” nan yon Plan Konsolide/Plan Aksyon Anyèl:

- Efase yon aktivite ki nan lis Plan Aksyon Anyèl la oswa ajoute youn nan Plan an;
- Yon chanjman ki lakòz yon rediksyon ki pi gran pase senkant poustan (50%) Objektif Plan Konsolide a; oswa
- Chanjman nan itilizasyon fon CDBG nan yon aktivite oswa pwojè ki elijib pou ale nan yon lòt jan sa dekri anba a:
 - ❖ Pou yon pwojè detèmine ak yon alokasyon \$500,000 oswa mwens, ogmante oswa diminye nivo finansman an pa 75% oswa plis nan kantite lajan yo te adopte anvan an.
 - ❖ Pou yon pwojè detèmine ak yon alokasyon ki depase \$500,000, ogmante oswa diminye nivo finansman an pa 51% oswa plis nan kantite lajan yo te adopte anvan an.
 - ❖ Ogmantasyon oswa diminisyón nan finansman ka rive alalong nan yon pwojè nan yon ane pwogram, enkli atravè repwogramasyon fon yo. Lè chanjman kimilatif la satisfè oswa depase limit ki anwo a, yo pral konsidere chanjman an kòm yon amandman sibstansyèl. Pa egzanp, si yo te atribye yon pwogram rebwazman \$1,000,000 nan yon Plan Aksyon Anyèl epi, pandan ane pwogram lan, yo te ajoute \$600,000 nan pwogram nan, nan ka sa a yon amandman sibstansyèl ta nesesè anvan ogmantasyon an. Menm bagay la tou ta dwe vre nan kad yon diminisyón nan fon yo. Anplis de sa, si \$600,000 ki te ajoute nan egzanp pwogram rebwazman an lakòz yon diminisyón nan yon pwogram tankou Pwogram Reparasyon Ijans yo te atribye \$40 milyon dola, ki se yon

diminisyon sèlman 1.5%, amannman sibstansyèl la ap dekri kanmenm rezon yo fè sa ak efè chanjman sa ap genyen sou tou de pwojè yo.

Piblik la ap gen 30 jou pou revize ak fè kòmantè sou yon amandman sibstansyèl anvan yo soumèt amandman an bay HUD. Yo pral konsidere nenpòt kòmantè yo resevwa lè y ap prepare amandman sibstansyèl la. Yon rezime kòmantè sa yo ak yon rezime nenpòt kòmantè yo pa t aksepte, ak rezon ki fè yo pa t aksepte yo, pral tache ak amandman sibstansyèl ki nan plan konsolide a. Y ap soumèt bay HUD yon Plan Konsolide/Plan Aksyon Anyèl ak amandman enpòtan ak ti amandman yo anvan fen ane pwogram lan.

Yo ka revize Plan Patisipasyon Sitwayen sa a tou, epi amandman sibstansyèl nan plan sa a mande pou avi piblik ak kòmantè anvan aplikasyon an. Yo pral konsidere yon chanjman nan lis sikoranski se amandman sibstansyèl nan Plan Konsolide oswa Aksyon Anyèl la kòm yon amandman sibstansyèl nan Plan Patisipasyon Sitwayen an tou.

AKSÈ A DOSYE YO

Vil la pral bay rezidan yo, ajans piblik yo, ak lòt moun aksè rezonab ak alè a enfòmasyon ak dosye ki gen rapò ak Amannman yo, Rapò yo ak CAPER a sou Entènèt, atravè sitwèt Biwo Operasyon Majistra a, pou senk ane ki sot pase yo. Anplis de sa, kopi yo pral disponib, sou demann, nan fòma altènatif.

Anplis de sa, Vil la pèmèt plis aksè a dosye yo atravè konsiltasyon, reyinyon, ak lòt zouti komunikasyon pandan pwosesis planifikasyon an.

DEPLASMAN

Vil New York pa atann pou okenn deplasman moun fèt akòz aktivite sibvansyon CPD finanse. Konfòm ak lwa federal, NYC gen yon plan rezidansyèl anti-deplasman ak asistans demenajman..

PLENT

Biwo Operasyon Majistra a pral revize nenpòt plent ak kòmantè konsènan Plan Konsolide, Plan Aksyon Anyèl, oswa CAPER a. Kòmantè sitwayen yo pral rezime nan Plan Konsolide, Plan Aksyon Anyèl, oswa CAPER, selon enpòtans yo. Pou plent rezidan ki alekri yo, Biwo Operasyon Majistra a oswa lòt ajans pral bay yon bonjan repons alekri nan lespas 15 jou, lè sa posib.

ASISTANS TEKNIK

Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra a ak lòt ajans vil yo bay konsèy kominotè a asistans teknik nan kad pwosesis preparasyon bidjè anyèl la. Konsèy kominotè yo resevwa asistans teknik pandan reyinyon komite yo, reyinyon konsèy yo, ak konsiltasyon ak ajans vil yo, sou idantifikasiyon ak pwomosyon pwogram, pwojè, ak amelyorasyon sèvis ki pral benefisyé elektè yo epi amelyore kondisyon ekonomik lokal yo.

Gwooup ki reprezante moun ki gen revni fèb ak modere ki vle devlope pwopozisyon pwojè yo ka kontakte ajans administratif pa yo pou jwenn asistans teknik. Chak ajans administratè respektif yo pral detèmine nivo ak kalite asistans teknik sou yon baz endivididyèl.